Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 19 (9814) /20 май 2019 с. / итни 15 Рамазан 1440 с./ багъа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

# К1удияб Бергьенлъиялъе - 74 сон!

## КIудияб Бергьенлъиялъул парад



9 маялда Дилим росулъ тIобитIана КIудияб Бергьенлъиялъе 74 сон тIубаялда хурхараб парад.

9 май ккола нилъер халкъалъе бищунго хирияблъун ва бокьулеблъун. Гьеб къоялъ киназго цоцазда баркула Бергьенлъиялъул къо. Рагъухъанасул налъи тIубалаго ва гIагараб ракь цIунулаго,Советиял рагъухъаби, рухIалда барахщичIого, тушманасде данде рагъана.

Нилъ налъулаллъун руго гьеб рагъул кьогIлъи бихьаразда цере. Жакъасеб гIелалъ хIурмат гьабула рагъул гIахьалчагIазул, гьезие рарал памятниказда цере гьез лъола тIугьдузул горал, бет1ер къулула гьезул гьунаразе.

Гьеб рохалилаб къоялъ киназго ракIалде щвезарула рагъулъ гIахьалчаг1и ва тылалда хIалтIарал.

Сонaлдаса соналде цIикIкIунел руго, **«ХвелгьечIеб полк»** цIаралда гъоркь, тIоритIулел тадбиразде гIахьаллъулезул къадар. Кодор рагъул гIахьалчагIазул суратал,байрахъал, тIугьдул ккуразул къокъаби гьеб къоялъ релълъунел рукIана бакъул кунчIиялъухъе, кьер-кьерал гьарун, чвахулеб гIоралда.

Рохалилаб байрам рагьиялъул кIалъаялда районалъул бетIер XI.XI. Мусаевас абуна: **«294I чи ахIана районалдаса БагIараб Армиялъул мухъилъе. Гьел бахIарчилъиялда рагъана КIудияб ВатIанияб рагъул батIи-батIиял фронтазда. Гьезул жакъа къоялда нилъеда цадахъ руго гIицIго лъабго чи: ХIасбула ХIасанов (Дилим), ГIабдурахIман МухIамадов (Ленинаул) ва МухIамад ХарсмухIамадов (Алмахъ).**



Пашманлъигун рохел жубараб байрам кIодо гьабиялъул тадбир байбихьана районалъул центрлъун кколеб Дилим росдал аслияб майданалда. **«ХвелгьечIеб полк»** колонна гIуцIиялдалъун. Гьелдаса хадуб учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъабазул, цIалдохъабазул ва росабалъа вакилзабазул колоннаби ана ЦIар лъаларев солдатасул памятникалъухъе.

**Нилъеда кIочене бегьуларо жакъа 74 сон жиндир тIубараб КIудияб Бергьенлъиялъуль бутIа лъурал рагъухъаби»**,-ян.

Баркиялъул рагIабигун гьенир кIалъазе рахъана- Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п.(К.-п.)Д. ГIумаханов, Дилим росдал гимназиялъул цIалдохъан АхIмад Пазизов, рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибов, районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профкомалъул председатель, гIагараб ракьалъул тарих лъазабулев МухIамадапанди Дадаев.



Жиндирго кIалъаялда Казбек ва Гумбет районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадовас гьениб бицана, СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъ I947 соналъул 6 ноябралда бахъараб Указалда рекъон, ГIабдурахIман МухIамадов вихьизавун вукIараблъи **«ВатIанияб рагъ»** II- аб. даражаялъул орденалъе мустахIикъавлъун,амма гьеб гьесие, ккараб гъалатIалдалъун, щун букIинчIеблъиялъул, гьеб гъалатI, хасаб Указалдалъун, Россиялъул Президент В.В. Путиница битIизабиялъул ва байрамалда ГIабдурахIмание орден кьезе букIиналъул.

Митингалъул гIахьалчагIаз, минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун, ракIалде щвезаруна рагъда ва гьелдаса тIадруссун хадур гIумруялдаса ратIалъарал рагъухъаби-районцоял.

Байрам ахиралде щвана ЦIар лъаларев рагъухъанасул памятникалда цере тIугьдузул горал ва тIугьдул лъеялдалъун.

## Рагъул ветераназ кIодо гьарун,..

8 маялда районалда ругел КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи: МухIамад ХарсмухIамадовасухъе, ГIабдурахIман МухIамадовасухъе ва ХIасбула ХIасановасухъе гьоболлъухъ щвана - Дагъистаналъул промышленносталъулгун энергетикаялъул министр Сайгидпаша Гумаханов ва районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев.Гьезда цадахъ рукIана учреждениябазегун организациябазе ва цогидал гIуцIабазе нухмалъулелги.





Гьалбаз ветераназда баркана КIудияб Бергьенлъиялъе 74 сон тIубай, гьарана гьезие щулияб сахлъи,рохел ва халатаб гIумру.

Узухъда,цого баркияздалъун лъугIинчIо гьел дандчIваял. С-п. ГIумахановас, президентасул ва жиндирго, XI. Мусаевас райадминистрациялъул, Раисат ХIайбулаевалъ МФЦялъул рахъаздасан ветераназе къуна гIарцулал шапакъатал, П. Айтемировалъ - президентасул баркиялъул кагъталгун тIугьдул.

Гьебго къоялъ ХIасбула ХIасановасухъе щвана РДялъул жанисел ишазул министр ГIабдурашид МухIамадовги. Гьелъие гIиллалъун букIана,рагъул гIахьалчилъун гуревги, ХIасбула МВДялъул ветеранлъунги кколев вукIин.

Байрамги баркун,министрас ХIасбулае ва гьесул хъизаналъе сайгъатал къуна.





9 маялда рагъул ветераназухъе щвана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат М-п.(К-п)Д.ГIумаханов ва **«Цогояб Россия»** партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул ишал тIуразариялъул секретарь С.XI. Алтумирзаев. Гьез ветераназда баркана КIудияб Бергьенлъиялъе 74 сон тIубай, гьарана гьезие сахлъи,рохел, роцIараб зоб ва халатаб гIумру.

М.п.(К.-п.)Д. ГIумахановас,жиндирго рахъалдасан,ветераназе къуна гIарцулал шапакъатал ва продуктабазул наборал.

*Гьумер х1адур гьабуна И. ИДРИСОВАС.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# К1удияб Бергьенлъиялъе - 74 сон!

## Бах1арзал рак1алде щвезаруна

Г1адат буго заман анаг1ан т1олабго жо басралълеб, холеб ва к1очон толеб. Хвел гьеч1ел рук1уна г1адамаз нахъе тарал лъик1ал ишал. Нилъеда гьоркьор дагьал гьеч1о гьабулеб ишалъулъ рит1ухъал, х1ажаталъур ратулел, Ват1аналъе рух1 кьезе х1адурал бах1арзал. Гьел рук1ана, руго ва рук1инеги руго. Киданиги гьел нилъеда к1очон тезе бегьуларо, нилъ кидагосел налъулаллъун руго гьезие.

Дагьал церег1ан къояз **«Къункъра»** лъималазул ахалда т1обит1ана -террористазул квердасан хварал, нилъер районцоял: Айтемир Салимгереев ва Якъуб Нуцалов рак1алде щвезариялъул данделъи.

Гьенире г1ахьаллъана рехсаразул г1агарлъи, гьудул-гьалмагълъи, райадминистрациялъул бет1ерасул заместитель И.Б.Салимханов, «Цогояб Россия» партиялъул бак1алда бугеб отделениялъул политсоветалъе нухмалъулев С.Х1.Алтумирзаев, Дилим росдал гимназиялъул директор Зульфия Темирбулатова, полициялъулал, организациябазулгун учреждениябазул х1алт1ухъаби ва гь.ц.



Абизе ккола, гьединал данделъаби **«Къункъра»** лъималазул ахалъе нухмалъулез г1емер т1орит1улин.

Ахалъе нухмалъулей Наида Х1ажиевалъ гьениб бицана А.Салимгереевасул ва Якъуб Нуцаловасул г1умрудул нухалъул, гьезул рит1ухълъиялъул, жавабчилъиялъул. Гьединго, гьенир рихьизаруна гьезул г1умруялда хурхарал видеороликал. Бихьулеб бук1ана гьелъ данделъаразул рак1азе к1удияб асар гьабулеб бук1ин.

Бах1арзазул х1акъалъулъ биценалгун цере рахъана-И. Салимханов, С.Алтумирзаев, Зульфия Темирбулатова, гьудулгьалмагълъи ва цогидалги. **«Г1олеб г1елалъ бах1арзаздаса мисал босизе ккола, гьезул гьунарал, гьезул г1умрудул тарих к1очене биччазе бегьуларо»**-ян»-абураб пикру загьирлъулеб бук1ана гьезул к1алъаязулъ.

РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутатазул. Баркалаялъул кагъат М-п.(К-п).Д.Г1умахановас ва»Цогояб Россия» партиялъул политсоветалъул секретарь Т.Х1.Мах1ачевас жиндирго рахъалдасан, Х1урматалъул грамотаби рит1ун рач1ана «Къункъра» лъималазул ахалъул коллективалъе.

Гьел кьезе вакиллъун вихьизавурав С.Х1.Алтумирзаевас абуна: **«Нилъеда лъала г1олеб г1елалъе рух1иябгун патриотикияб лъай кьеялъулъ нужер коллективалъ лъолеб бугеб бут1а. Нужеца куцалел лъимал г1ахьаллъула районалъул даражаялда т1орит1улел бат1и-бат1иял тадбиразда, нуж камуларо конкурсазда, къецазда гьоркьоса ва нужер коллективалъ гьенир рихьизарула лъик1ал х1асилал. Гьеб кинабго лъала М-п.(К.-п.) Д.Г1умахановасда ва Т1.Х1.Мах1ачеваcда. Гьезие гьанире рач1ине рес рекъеч1о ва гьез дун вакил гьавуна гьал шапакъатал нужее кьезе»**-ян.

Данделъиялъул г1ахьалчаг1азе рак1алдаса унареб асар гьабуна лъималазул ахалъул коллективалъ х1адур гьабураб концерталъулаб программаялъ.

Бах1арзал, цо къоялъ гурел, чанго нухалъ рак1алде щвезаризеги к1одо гьаризеги мустах1икъал руго.

*Асият Дибирова.*

*Инсан ва г1умру*

## Терекалъул каналалдасан байбихьун,..



МухIамадгIали ГIабдуразакъов гьавула 1907 соналъ Гъозтала росулъ.Рагъ байбихьун хадув,кIиго моцIалъ гьев хIалтIула Терекалда канал бухъулезул мухъилъ.

1942 соналъул марталда МухIамадгIали ахIула БагIараб Армиялъул мухъилъе. Тбилисиялда гьес лъугIизарула рагъде хIадурлъиялъулункъо моцIилал курсал ва гьев ккола Севернияб Кавказ цIунулезде гьоркьове. Гьенив МухIамадгIали лъукъула ва ккола Тбилисиялъул госпиталалде. Сахлъун хадусан, гьев цIализе витIула кьвагьдохъабазул курсазде.Курсаздаса хадув М.-гI.ГIабдуразакъов витIула Бакуялда букIараб гIарадабаздалъун гьава цIунулезул полкалде.

1945 соналъул марталда гьезул полк битIула японцаздаса Дальний Восток цIунулезул мухъилъе ва МухIамадгIали гIахьаллъула Япониягун букIараб рагъулъ.

1945 соналъул хаслихъе гьев гIагараб ракьалде тIадвуссуна. РакIбацIцIадго гьабураб рагъулаб хъулухъалъухъ, гьев кIодо гьавула **«Кавказ цIуниялъухъ»**, **«Германиялда тIад бергьенлъи босиялъухъ»**, **«Япониялда т1ад бергьенлъи босиялъухъ»** ва юбилеязулал медалаздалъун.

«Ригь аразе сайгъатал» акция

## Дида лъимерлъи бихьич1о



Ахирияб заманалда ц1ик1к1унел руго гурх1ел-рах1муялъулал тадбирал т1орит1и. Гьезде гьоркьоре уна- ригь арал, херал гIадамазухъе щвей, гьезие кумек гьаби ва гьезул г1умрудул х1акъикъат лъазаби.

Дагьал цереГIан къояз нижер росдал администрациялъул хIалтIухъаби, школалъул цIалдохъабигун цадахъ, гьоболлъухъ щвана захIматалъул ветеранал: Нурсият Салатгереевалъухъе ва Шамсият МухIидиновалъухъе. Нижер рак1азе к1удияб асар гьабуна Нурсиятица жиндирго гIумруялъул х1акъалъулъ бицараб хабаралъ.

-Гьаний гIумру гьабун йигониги, дун ккола Гуни росулъа Ильясилги Саниятилги яс. Нижер рукIана анкьго лъимер ва хъизан хьихьизе г1ураб маг1ишат.

Дир кIудияй яцалъул рос хIалтIулев вукIана нижер эмен Ильясги. Дол рукIана, хIакъикъаб цIехеч1ого, мацIихъабаз тIад лъурал бугьтаназдалъун, гIайибго гьечIел гIадамал жанир т1амулел сонал.

МацI гьабун бугоан хIукуматалде данде чIарал собраниял т1орит1улин Ильясил рукъоран. Гьелъул хIасилалда, нижер эмен туснахъ гьавун вуго. Гьев тIокIалъ нижеда вихьичIо. Нижер рукъоса бахъун ана къайи –ц1а ва боц1и.

Чанго нухалда хадуй аниги, эбелалда гьев вихьизеги тун гьеч1о.Гьеб къварилъиялда нижрук1аго, байбихьана ВатIаниябрагъ. Бихьинал рагъдеги ун, т1олабго маг1ишат бегана херазул, руччабазул ва г1олеб г1елалъул к1игъуждузда. Гlемераб гIакъуба бихьана г1адамазда гьел ракъана, квачана, ва кIвекIана захIматалъ.

РакIалдаса унаро, картошкадул раччиги баччун, тIощалихъ гьеб хисизе Индиралде лъелго дунго ин. Цо нухалъ картошкадухъ дие кьуна бозил гьабураб горде, черекал, щватаби. КIудияй яц ягъана дида, ретIел босичIого, рукъоб хIажалълеб щай босичIебан. Дун гурдидаса цIакъ йохxун йикIана, ва рукъое щварабго, дица гьеб гьираялда ретIана. РетIунаго гьеб бихьана. Гьеб букъараб ххам бук1ун буго турараб. Къокъгьабун абуни, дида лъимерлъи бихьич1о.

1955 соналъ дун росасе ана. Нижеца г1умру гьабулеб бук1ана Хасавюрталда. Чол гьакица цIулги баччун, гьеб бичун, гьабулаан нижеца бетIербахъи. Хадусан ниж гочана Гъозталаялде, бана мина ва гIезабуна 8 лъимер. Дица жакъаги дугIадулъ рехсола, жиндир мунагьал чураяй, дир йикIарай мадугьал Нажабат. КIочонаро гьелъ дие гьабулеб бук1араб кумек. Ц1акъ лъик1ай г1адан йик1ана гьей.

Щиб гьабилеб, гьедин хъван бук1ун батила дие къисматалъ,- ан лъуг1изабуна Нурсиятица жиндирго пашманаб хабар.

Нурсият йиго нижер г1адамаз адаб-хIурмат гьабулей ва къадру-къиматалда йигей гIадан. ГIумруялдаса ратIалъана гьелъул рос МухIамад ва ункъо лъимер. Нурсиятица гьеб рухIи кIудияб сабруялда хIехьана.

Гьединал, жидер напс бацIц1адго цIунарал, захIматалъ куцарал руччабаздалъун бечедаб буго Гъозтала росу.

*Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.*

# К1удияб Бергьенлъиялъе - 74 сон!

## 72 соналдасан щвараб шапакъат

**«ВатIанияб рагъ»** II-аб. даражаялъул орден кьуна Бергьенлъиялъул байрамалда ВатIанияб рагъул гIахьалчи, Ленинаул росулъа ПабдурахIман МухIамадовасе. Гьеб орден гьесие кьезе бихьизабун букIун буго 1947 соналъ.

Гьеб кьечIого хутIизеги бегьулаан, амма, цIех-рех гьабулезул кумекалдалъун, лъазе кIвана орден ПабдурахIманихъе щвечIеблъи.



Гьале, 72 соналдасан ритIухълъи чIезабуна ва шапакъат гьелъие мустхIикъасул каранда кенчIана.

Орден бетIергьанчиясухъе щвезабиялъе квербакъана-цIех-рех гьабулез, **«Нижер рукъ»** гIуцIиялъ, районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гъирисхановас ва цогидазги.

***И.ИДРИСОВ.***

***Школа ва гIумру***

## ЦIалул цевехъан



РукIуна цIалдохъаби жидедаса эбелэмен гурелги мугIалимзабиги разиял. Гьединаз школалъул цIарги борхизабула.Школа буго цIалдохъанасул лъимерлъи,балугълъи жаниб унеб, гьесда гIумруялъул битIараб нухги бихьизабулеб, жиндирго бакIги батулеб дунял. Гьеніб щвараб лъай сунцаниги хисуларо, гьеб тIолабго гIумруялъ рекIелъ цIунунги хутIула.

Гьаб макъалаялда бицен гьабулев цIалул цевехъан ккола Хубар росдал гьоркьохъеб школалъул ичIабилеб классалда цIалулев МухIамад ПабдусаламоB. ЛъикIав цIалдохъан гуревги, МухIамад вуго гIадлу - низамалъул рахъги берцинав, хъизаналда жаниб рухIияб тарбияги щварав ва сундулъго мисалияв вас. Гьев гъираялда гIахьаллъула -школалда, районалда ва район бахун къватIирехун тIоритIулел олимпиадабаздаги, конкурсазда, ва гь.ц. къецазда.

2017-2018 цIалул соназ МухIамад мустахIикълъана **«Школалъул бищунго лъикIав цIалдохъан»** абураб цIаралъе.

Исана гьев гIахьаллъана районалда цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIараб правоялъул олимпиадаялда, гьес гьеніб босана тIоцебесеб бакI. Гьединго, МухIамадица призалъулаб бакI ккуна республикаялда букIараб экологиялъул олимпиадаялда. Гьениве гьев хIадур гьавуна биологиялъул ва химиялъул мугIалим Пари Бисултановалъ.

МухIамад гIахьаллъула диналда хурхарал конкурсаздаги. Гьенирги гьес рихьизарула лъикIал хIасилал. Гьединав вуго МухIамадгIарипилги Марьямилги хъизаналда гIолев МухIамад. Жеги тIадегIанал бергьенлъабиги лъаялде гIатIидаб нухги дуе, цIалул цевехъан.

***ХI. КАРИМОВА.***

## «Чапар» дир гьудул буго

*Дун, моц1рохъ ц1ва г1адин, **«Чапар»** бач1иналъухъ балагьун вук1уна. Гьелъулгун дир хиси гьеч1еб гьудуллъи буго. Дица гьелде ччучула рек1елъ бугеб, гьелъие загьир гьарула пикраби, кьола рич1 ч1унарел суалал ва щола гьезие рит1арал жавабал.*

*Кьокъаб х1асил, **«Чапар»** буго дир даимаб гьудул, гьелъие дун, ч1аго вугебг1ан мехалъ, хисизе гьеч1о. Дида лъаларо щай нильерго районалъул газета хъвайилан, ц1алейилан гьаризе кколебали. К1удияб багьайищ гьелъул бугеб?*

*Х1исаб гьабураб мехалъ, анльго моц1ие хъвалеб **«Чапар»** газеталъул багьа бахунеб буго цо нухалъ хьагинибе рехизецин г1оларeб гьанал ич1нусго граммалде. Гьеб г1емераб жо гуро. Рак1алде ккола, дир макъала ц1алун хадусанг1аги, щивасул пикру хисилилан ва нилъерго г1агараб газета хъвалилан.*

***Х.Висаитов, Калининаул росу***

## Х1урматиял районцоял!

Унеб буго 2019 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания.

Гьари буго нужер щивасде, рес рекъани, г1агараб **«Чапар»** газета хъвазе х1аракат бахъеян.

Гьелъул багьа – 283 гъур.

***Х1урматгун редколлегия.***

## Конкурс «Неопалимая купина»

***Во исполнение приказа Управления образования №80 от 9 апреля 2019 года «О мерах по повышению культуры пожарной безопасности в образовательной среде», а также в целях повышения культуры пожарной безопасности в образовательной среде, формирования у детей и подростков сознательного и ответственного отношения к вопросам обеспечения личной безопасности, выработки знаний, умений и навыков правильных действий в случае возникновения пожара, чрезвычайных ситуаций и террористических угроз в апреле был проведен районный этап Всероссийского конкурса «Неопалимая купина».***

В конкурсе приняли участие 8 образовательных учреждений: Буртунайская, Гертминская, Дубкинская, Ленинаульские №1 и №2 средние школы, Гунийская, Дылымская гимназии, Дылымский лицей.

На конкурс было представлено 35 работ в трех номинациях. В своих работах, представленных на конкурс, учащиеся, в соответствии со своим возрастом, показали высокий уровень мастерства: художественный вкус, различную технику исполнения, жанр, глубину раскрытия темы, творческий подход к выполняемой работе, свои новаторство и оригинальность, а также эстетический вид изделия.

По итогам конкурса места распределились следующим образом:

**В номинации «Художественно-изобразительное творчество»:**

**(возрастная категория 8-10 лет)**

1 место – Адильгереева Фатима (с. Гертма)

2 место - Бибулатов Байтимер (гимназия с. Гуни)

3 место – Темиргишиев Иса (ЛСШ №2)

**(возрастная категория 11-13 лет)**

1 место - Дагуев Ахмед (ЛСШ № 2)

2 место – Гаджиева Хамиз (Дылымкая гимназия)

3 место – Магомедхабибов Юнус (гимназия с. Гуни)

**(возрастная категория 14-18 лет)**

1 место - Жамалова Зарема (ЛСШ № 2)

2 место - Ильясова Марьям (гимназия с. Гуни)

3 место – Бектимиров Магомед (Дылымская гимназия)

**В номинации «Декоративно - прикладное искусство»:**

**(возрастная категория 8-10 лет)**

1 место - Султанов Магомед (с. Буртунай)

2 место - Гаирбеков Узайри (гимназия с. Гуни)

3 место – Умаев Ислам (ЛСШ №1)

**(возрастная категория 11-13 лет)**

1 место - Зулумханова Марьям (гимназия с. Гуни)

2 место – Зиявдинов Ахмад (с. Гертма)

3 место – Махсудова Патимат (с. Буртунай)

**(возрастная категория 14-18 лет)**

1 место - Мустафаева Дайганат (пос. Дубки)

2 место - Висалгереев Муса (ЛСШ №2)

**В номинации «Техническое творчество»:**

**(возрастная категория 8-10 лет)**

1 место - Абдулаев Камиль (гимназия с. Гуни)

**(возрастная категория 11-13 лет)**

1 место - Гаирбеков Магомед (гимназия с. Гуни)

Победители и призеры были награждены грамотами Управления образования.

## Фестиваль «Возьмемся за руки, друзья!»



6 мая 2019 года в Дылымской гимназии, Управлением образования, был проведен театрализованный фестиваль **«Возьмемся за руки, друзья!»**, посвященный 74-летию Победы в ВОВ. Конкурс проводился в целях воспитания у молодежи уважения к традициям, обычаям и культуре народов России, развития принципов интернационализма и патриотизма в среде детей и подростков, реализации возможностей и творческого потенциала детей. В конкурсе приняли участие 7 ОУ района (Алмакская, Гертминская, Ленинаульские №1 и №2 средние школы, Дылымская и Гунийская гимназии, Госталинская основная школа). Участниками фестиваля были дети и подростки, обучающиеся в 8-11классах. Оценивались оригинальность и образность раскрытия темы, исполнительское мастерство, художественное и музыкальное оформление, умение работать в образе.

Фестиваль был проведен в форме сценок. Сценки на военную тему продемонстрировали не только суровую жизнь солдат в военное время, но и некоторые интересные события, порой юмористические. Школьники с энтузиазмом отыграли военные сценки. Учащиеся выступали в военной форме. Ни одна сценка на военную тематику не обошлась без песен сольного или хорового исполнения былых времен. Например: **«Священная война»**, **«Смуглянка»**, **«Темная ночь»**, **«День Победы»**.

Учащиеся выступали активно, энергично, эмоционально, ярко высвечивалось патриотическое воспитание учащихся.

Места распределились следующим образом:

1 место – команда Ленинаульской средней школы №2;

2 место – команда Гунийской гимназии;

3 место поделили команды Ленинаульской средней школы №1 и Госталинской основной школы.

***Наида Юсупова, методист ИМЦ.***

# К1удияб Бергьенлъиялъе - 74 сон!

## ГӀи къунцӀиялъул компаниялда...

ГӀикъинлъиялъул компаниялда хадубго, нилъер районалъул росдал магӀишатазда, тӀадбан, унеб буго гӀикъунцӀиялъул компанияги. Кинабниги къунцӀизе ккола 68000 гӀиялъажо. КъунцӀизе ккoлеб гӀиял бищунго цӀикӀкӀараб къадар буго Буртунай росдал **«Хасаевасул ва Къасумовасул»** (7050 бетӀ.) ва ГӀакьхъазул **«БагӀараб Октябрь»** (5400 бетӀ.) СПКязда. ГӀузайри ХӀамзатовас нухмалъи гьабулеб **«Хасаевасул ва Къасумовасул»** СПКялда къунцӀарухъабазе чӀезарун руго киналниги шартӀал. Гьеб компаниялда лъикӀал хӀасилал рихьизарулел руго Дерметхан Булачовас ва Пайзудин МирзахӀажиевас.



ГӀи къунцӀулезе лъикӀал шартӀал чӀезарун руго **«БагӀараб Октябрь»** магӀишаталдаги. Гьенир лъикӀал хӀасилал рихьизарулевлъун ккола ГӀиса МухӀамадов. Рехсарал магӀишатазда хӀалтӀулел къунцӀарухъабазда ракӀалда буго къокъаб заманалда гьеб компания ахиралде щвезабизе.

*ГӀ.К. ГӀАБДУЛМУСЛИМОВ, УСХялъул бетӀерав зоотехник.*

## Бит1изаби

**«Чапар»** газеталда ( №18,13.05.2019с., гьум.11) бахъараб **«Ирсилал фольклорияб къокъаялъ…»** абураб макъалаялда лъураб сурат, дир г1айибалдалъун, хисун ккун буго. Гьениб бук1ине кколаан гъоркьехун бугеб сурат.



Гьарула т1аса лъугьаян.

*Х1.КАРИМОВА.*

## О летнем отдыхе...

Во исполнение протокола заседания Правительства Республики Дагестан от 8 мая 2018 года № 11 **«Об итогах летней оздоровительной компании РД и задачах по организации отдыха, оздоровления и занятости детей в 2019 году»** и приказа Министерства образования и науки РД № 835-09/19 от 17 апреля 2019 года, с 6 по 8 мая в общеобразовательных школах района прошли родительские собрания «**Летний отдых - 2019»,** где родители получили информацию о загородных лагерях республики, которые будут функционировать в 2019 году, о документах, которые должны оформлять каждый участник летней оздоровительной компании 2019.

Также доведено до них, что в 3-х общеобразовательных школах района (Ленинаульская СОШ №1, Гунийская гимназия и Инчхинская СОШ) будут функционировать лагеря дневного пребывания.

## Прокуратура сообщает...

В преддверии празднования 74-ой годовщины Победы в Великой Отечественной войне, прокурор района навестил и поздравил с наступающим праздником ветеранов: Абдурахмана Магомедова, Хасбулу Гасанова и Магомеда Харсмагомедова. В ходе встречи прокурор ознакомился с жилищными условиями ветеранов, качеством получаемого ими медико-социального обслуживания. Жалоб и обращений у ветеранов не было. В завершении встречи,прокурор еще раз поблагодарил ветеранов за мужество, силу и отвагу, которых они проявили во время Великой Отечественной войны.

---

Прокуратура района утвердила обвинительное постановление по уголовному делу в отношении местного жителя. Он обвиняется в совершении преступления, предусмотренного ст.264.1 УКрф(нарушение правил дорожного движения лицом, подвергнутым административному наказанию)

Установлено, что в апреле 2019 года на автодороге «Хасавюрт-Тлох», на территории нашего района, он, будучи подвергнутым административному наказанию за управление транспортным средством в состоянии алкогольного опьянения, вновь сел за руль автомобиля в нетрезвом виде.

Противоправные действия мужчины были пересечены сотрудниками ОМВД района.

Уголовное дело прокуратурой направлено в Казбековский районный суд для рассмотрения по существу.

## Военный комиссариат информирует...

Во исполнение указаний Генерального штаба Вооруженных сил Российской федерации от 23 апреля 2019 года №314/7/1523, в целях увековечения памяти участников ВОВ, работников оборонных предприятий и жителей блокадного Ленинграда, в Главном храме Вооруженных сил Российской Федерации создается мультимедийная галерея историко-мемориального комплекса **«Дорога памяти»,** в котором имеется возможность размещения фотографии своих родственников.

Поэтому огромная просьба всем тем, кто, что-либо знает об участниках блокадного Ленинграда, со сведениями обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетоского районов РД, с.Дылым кабинет № 6.

*А.МАГОМЕДОВ,*
*военный комиссар Казбековского и Гумбетовского районов РД.*

## В Дагестане переход на цифровое ТВ намечен с 14 октября 2019 года

В этот Новый год каждый россиянин получит 20 подарков, с января 2019 года в России начинается вещание 20 бесплатных цифровых каналов.

Россияне смогут бесплатно смотреть телеканалы, включенные в два мультиплекса. В первый входят следующие каналы: **«Первый канал», «Россия 1»,«НТВ», Матч ТВ», «Культура», «Петербург – 5 канал», «Россия 24», «Карусель», ОТР, «ТВ Центр». Во второй – «МИР», «Рен ТВ», СТС, «Спас», «Домашний», ТНТ, «Пятница», «Звезда», «Муз-ТВ».**

Напомним, что с переходом на цифру старые антенны и телевизоры, выпущенные до 2013 года, технически не могут принимать новый формат вещания каналов. Зрителям, чтобы не остаться без новостей и сериалов, надо купить новую дециметровую антенну и специальную приставку, раскодирующую цифровой сигнал.

## Объявления

Утерянное санитарно-эпидемиологическое заключение 05. 06. 03. 000М000021. 02.17 от 16.02.2017года, выданное отделом территориального управления Федеральной службы по надзору в сфере защиты прав потребителей и благополучия человека по Республике Дагестан г.Кизилюрт профессиональной духовной исламской образовательной организации **«Медресе имени Юсупова А.Ю»**, расположенное в с.Дылым Казбековского района РД,считать недействительным.

---

Утерянный аттестат 05 АБ №0042870 о полном среднем образовании, выданный Дылымским лицеем в 2011 году на имя **Абдулгапура Магомедрасуловича Джабраилова,** считать недействительным.

*БетӀерав редактор: Мухтар ГӀалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухӀамад-Шарип ГӀабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХӀалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Месед ХӀайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхӀажиева, Зайнаб ГӀабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Заказ №244 Тираж 1430 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*